



KI TRAVAY OU FÈ?

Nan Tribunal pou Fanmi (Family Court) oswa nan Tribunal
pou Timoun ki soufri Abi ou Neglijans (Dependency Court)

**Kounyeya gen anpil chans
pou w rankontre anpil
gramoun diferan.**

**Liv sa a pral montre w kiyès
kèk nan yo ye ak ki travay
y ap fè.**

**Li pral di w ki travay ou
genyen tou!**

SÈVIS PWOTEKSYON POU TIMOUN

**Travay granmoun ki nan Sèvis
Pwoteksyon Timoun se asire yo
timoun yo an sekirite**

**Yo ka poze w kesyon pou ede yo
konprann sa k te pase a.**

**Yo gen avoka ki pral pale nan
tribinal la sou sa yo te aprann.**



POLIS

**Travay yon ofisyel lapolis se pou li
ede kenbe moun yo an sekirite.**

**Yo ka poze w kesyon pou ede yo
konprann sa k te pase a.**

**Gen kèk ofisyel lapolis ki mete
inifòm men gen lòt ki mete rad
nòmal.**





**Gen granmoun travay yo se pou ede
nan tribunal la. Yo ka gen diferan non
selon kote w ap viv la.**

**AVOKA POU TIMOUN
(ATTORNEY FOR CHILD,
AFC)**

**RESPONSAB LEGAL TRIBINAL
LA DEZIYEN (GUARDIAN AD
LITEM, GAL)**

**AVOKA ESPESYAL TRIBINAL
LA NAME (COURT-
APPOINTED SPECIAL
ADVOCATE, CASA)**

**DEFANSÈ DWA VIKTIM/
DEFANSÈ DWA FANMI AN**

MOUN YO MANDE POU VIN REPONN KESYON YO (DEFANDAN)

Lè Sèvis Pwoteksyon Timoun rele yon moun nan tribunal pou fanmi oswa tribunal pou timoun ki soufri abi oubyen neglijans (Family or Dependency Court) se paske yo panse moun sa a ap maltrete timoun nan oswa li pa pran swen l, moun sa a rele "Moun k ap reponn kesyon."

**KIYÈS KI SE MOUN K
AP REPONN KESYON
(DEFANDAN) NAN
DOSYE OU AN ?**



TRAVAYÈ SÈVIS SOSYAL (SOCIAL WORKER)

Travayè Sosyal yo la pou ede w ak fanmi w. Yo tande sa w ap di yo. Yo ka poze w kesyon. Yo eseye asire yo ou nan swen epi ou an sekirite.

JIJ LA

**Travay jij la se pou tande tout
moun epi après pran yon
desizyon nan tribunal la. Yo ka
poze w kesyon.**





AVOKA OSWA KONSEYE

**Moun sa a ede moun yo rakonte
sa yo konnen ki te pase epi
mande jij la sa yo vle.**

MOUN K AP EDE JIJ LA

Avoka nan tribinal la
(oswa asistan) k ap ede jij la.






OFISYE LAJISTIS

**Ofisyè Lajistis la pou l'asire l'tout
moun nan tribinal la an sekirite.**

GREFYE

Travay grefye a se pou li ekri
tout sa moun yo ap di nan sal
lodyans lan.






ENTÈPRÈT

Travay entèprèt la se pou l ede tout moun ki pa pale anglè trè byen, ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, konprann sa lòt moun yo ap di nan tribinal la.

OU MENM

Travay ou se pou w reponn
kesyon ak di gramoun yo sa
w konnen.



Pou timoun yo:

ÈSKE W TE KONNEN...

**...ke lè ou ale nan tribinal granmoun
yo vle asire yo gen kèk bagay ki pase
pou ou?**

**Ou gen dwa pou w poze valè kesyon
ou vle! Si w pa konnen sa k ap pase a,
mande!**

**Ou dwe toujou santi w an sekirite. Si w
santi w pè, di youn (1) nan granmoun
yo sa toutswit.**

**Mande moun k ap pran swen w la
oswa yon lòt granmoun pou l ede w
konprann lòt bagay ki ta dwe pase yo.**

MOUN MWEN KONNEN

Ou kapab itilize paj sa a pou ekri non ak enfòmasyon kontak moun ou rankontre yo.

TRAVAYÈ NAN SÈVIS PWOTEKSYON TIMOUN (CHILD PROTECTIVE SERVICES, CPS)

Non:.....

Enfòmasyon:.....

TRAVAYÈ NAN SÈVIS PWOTEKSYON TIMOUN

Non:.....

Enfòmasyon:.....

AVOKA POU TIMOUN/RESPONSAB LEGAL TRIBINAL LA DEZIYEN/AVOKA ESPESYAL TRIBINAL LA NOME

Non:.....

Enfòmasyon:.....

DEFANSÈ DWA FANMI AN OSWA DEFANSÈ DWA VIKTIM LAN

Non:.....

Enfòmasyon:.....

JIJ

Non:.....

Enfòmasyon:.....

LÒT MOUN


Non:.....




Enfòmasyon:.....

SA SE SAL LODYANS LAN.

**Gen anpil moun k ap travay nan
tribinal la.**

**Sa se sal lodyans lan. Ki kote tout
moun yo ale?**





MEN MOUN KI NAN TRIBINAL LA.

Ou kapab mete foto pou kole sa yo sou desen sal lodyans lan ki nan paj 30 jiska 31.



Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS)



Avoka pou timoun
(Attorney for Child, AFC)

Responsab legal tribunal la deziyen
(Guardian Ad Litem, GAL)

Avoka espesyal tribunal la asiyen
(Court-Appointed Special
Advocate, CASA)

Defansè dwa viktim lan
oswa fanmi an



Travayè Sèvis Sosyal



Jij



Avoka
oswa konseye yo dezinye




Moun k ap ede jij la



Ofisyè Lajistis



Lapolis



Entèprèt



Grefye

Pwojè ki rele Materyèl pou Timoun ki Temwen nan Sant pou Inovasyon nan Tribunal (Center for Court Innovation's Child Witness Materials) se yon kolaborasyon ant Sant pou Inovasyon nan Tribunal ak Sant pou Pedagoji Iben (Center for Urban Pedagogy), epi se akò pou kowoperasyon #2016-VF-GX-K011, Etazini akòde k ap sipòte l. Depatman Jistis, Biwo pou pwogram Jistis, Biwo pou viktim krim. Opinyon, rezulta, ak konklizyon oswa rekòmandasyon ki eksprime nan dokiman sa a sòti nan kontribitè sa yo epi li pa nesesèman reprezante pozisyon ofisyèl oswa politik Etazini. Depatman Jistis.

Sant pou Inovasyon Jidisye (Center for Court Innovation) travay pou kreyasyon yon sistèm jidisye pi efikas ak imen pandan l ap fè rechèch oriijinal ak ede lanse refòm toupatou nan mond la.

www.courtinnovation.org

Sant pou Pedagoji Iben se yon òganizasyon san bi likratif ki itilize pouvwa desen ak zèv da pou ogmante yon angajman sivik ki enpòtan, nan patenarya avèk kominate ki istorikman majinalize.

www.welcometoCUP.org

Ilustrasyon: Ryan Hartley-Smith

Desen: Anabelle Pang

Sant poun Inovasyon nan Tribunal la rekonesan pou moun ki patnè pwojè a ak pati ki enterese yo; ak timoun, responsab swen, ak moun ki ap patisipe nan sistèm jistis toupatou nan peyi a ki kontribiye nan devlopman pwodui sa a.

NCJ 300643

Biwo pou viktim kriminalite angaje l pou li ranfòse kapasite nasyon an pou ede viktim krim yo ak bay yon lidèchip nan chanjman atitud, politik, ak pratik yo pou li fè pwomosyon jistis ak gerizon pou tout viktim krim yo.

www.ovc.ojp.gov

Biwo pou Pwogram Jistis la se yon ajans federal ki bay lidèchip federal, sibvansyon, fòmasyon, asistans teknik, ak lòt resous pou ogmante kapasite nasyon an pou prewva ak redui krim, asiste viktim yo, epi amelyore eta de dwa pandan l ap ranfòse sistèm jistis penal ak pou jenn yo. Sis (6) biwo ki nan pwogram la—Biwo pou Asistans Jidisye, Biwo pou Estatistik Jidisye, Enstiti Nasyonal pou Jistis, Biwo pou Victim Krim, Biwo Jistis pou Jenn ak Prevansyon Delenkans, ak Biwo ki la pou Detèmine Santans Delenkan Seksyèl yo, siveye, arete, anrejistre ak suiv yo—sipòte efò k ap fèt pou goumen kont kriminalite nan nivo lokal ak nan Eta a, finanse milye pwogram sèvis pou viktim, ede kominate yo jere delenkan seksyèl, reponn ak bezwen jenn yo nan sistèm la ak timoun ki an danje yo, ak bay done ak rechèch ki vital.



Office for Victims of Crime
OVC

